**दिन—शनिवार** **दिनांक—27.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी काल्हि अठाइस जून के आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे देश आ विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। ई मासिक रेडियो कार्यक्रमक एक सय पैंतीसम संस्करण होएत। कार्यक्रमक प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ चैनल, एआईआर न्यूजक वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर कयल जायत। संगहि, एआईआर न्यूज, डीडी न्यूज, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक यूट्यूब चैनल पर सेहो एकर सीधा प्रसारण होयत। मन की बात कार्यक्रमक प्रसारण प्रसार भारतीक ओटीटी प्लेटफॉर्म वेव्स पर सेहो सुनल जा सकैत अछि। एकर तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एहि कार्यक्रमक प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केंद्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण के दोबारा राति आठ बजे सँ सेहो सुनल जा सकैत अछि।

———————————————————

आइ एमएसएमई दिवस अछि। एहि अवसर पर देशभरि मे लघु आ मध्यम उद्यम के बढ़ावा देबाक लेल कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। केन्द्रीय सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम मंत्री जीतनराम मांझी नव दिल्ली मे आयोजित कार्यक्रम के संबोधित करैत कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के दू हजार सैंतालीस धरि भारत के विकसित बनेबाक संकल्प के एमएसएमईक माध्यम सँ पूरा कयल जायत। श्री मांझी कहलनि जे देशक एमएसएमई सेक्टर लगातार रोजगारक अवसर उपलब्ध करा रहल अछि। ओ कहलनि जे दू हजार चौदह सँ एखन धरि सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम क्षेत्र मे अड़तीस करोड़ रोजगारक अवसर उपलब्ध कराओल गेल।

———————————————————

केंद्रीय ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान काल्हि नव दिल्ली मे राष्ट्रीय ग्रामीण विकास सम्मेलनक अध्यक्षता करताह। दू दिनक एहि सम्मेलन मे बिहार समेत सभ राज्य आ

केंद्र शासित प्रदेशक ग्रामीण विकास मंत्री, वरिष्ठ अधिकारी तथा विशेषज्ञ लोकनि के भाग लेबाक छनि।

————————————————————————

राज्य सरकारक पहल पर पंचायतीराज विभाग दिस सँ आब प्रत्येक मासक अंतिम रविदिन सभ ग्राम पंचायत मे पंचायत विकास दिवसक आयोजन कयल जायत। एहि मासक कार्यक्रमक विषय थिक– **महिला हितैषी ग्राम पंचायत।** मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी काल्हि मुंगेरक टेटिया बम्बर पंचायत सँ एहि कार्यक्रमक शुभारंभ करताह।

————————————————————————

प्रदेशक गन्ना मंत्री संजय पासवान कहलनि अछि जे प्रदेशक लोक के आब मजदूरी करबाक लेल बाहर नहि जयबाक होयत। मुंगेर मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री पासवान कहलनि जे प्रदेश मे आबयबला दिन मे पच्चीस कुसियार फैक्ट्री समेत कतेको कल–कारखाना खोलल जायत। श्री पासवान आइ मुंगेर जिलाक बगचपरा मे गंगा नदी मे डूबला सँ मृत युवती सभक परिजन सँ भेट कऽ हुनका आपदा राहत कोष सँ चारि–चारि लाख टाकाक चेक सौंपलनि।

————————————————————————

मौसम विभाग आई प्रदेशक किछु क्षेत्र मे बरखा हेबाक पूर्वानुमान व्यक्त कयने अछि। विभाग अगिला दू–तीन घंटा मे अररिया, बांका, भागलपुर, भोजपुर, गया, कटिहार, खगड़िया, किशनगंज, मधेपुरा, पटना, पूर्णिया आ सुपौल जिलाक किछु स्थान पर अन्हर, बरखा आ ठनका खसबाक के लऽकऽ कयने अछि। विभाग काल्हि सँ संपूर्ण बिहार मे मानूसन के बेसी सक्रिय हेबाक संभावना व्यक्त कयलक अछि।

————————————————————————

केंद्रीय चयन पर्षद दिस सँ काल्हि प्रदेशक विभिन्न केंद्र पर बिहार पुलिस सिपाही भर्ती परीक्षाक आयोजन कयल जायत। नओ सय तिरानवे पद लेल आयोजित ई परीक्षा दू पाली मे होयत। पूर्व–मध्य रेलवे परीक्षार्थी सभक सुविधा लेल आइ आ काल्हि तेरह परीक्षा विशेष ट्रेन

चलेबाक घोषणा कयलक अछि। दानापुर मंडल दिस सँ आइ पटनाक विभिन्न रेलवे स्टेशन सँ सहरसा, भभुआ, बेतिया, पूर्णियां, अररिया आ सीवानक लेल कुल छओ परीक्षा विशेष ट्रेन चलाओल जा रहल अछि। ओतहि, काल्हि सात परीक्षा विशेष ट्रेन चलाओल जायत।

———————————————————————————

आइ हेलन केलर दिवस अछि। प्रतिवर्ष सत्ताइस जून के हेलन केलरक जन्मक स्मृति मे ई दिन मनाओल जाइत अछि। हेलन केलर जन्महि सँ दिव्यांग छलीह। देखबाक आ सुनबाक क्षमता नहि भेलाक बादो ओ जीवन में दृढ़ संकल्प देखौली आ अपन लक्ष्य प्राप्त कयलीह। एहि अवसर पर प्रदेश मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कएल गेल।

———————————————————————————

अररिया में जिलाधिकारी विनोद दूहनक उपस्थिति मे एनआईसीक रैंडमाइजेशन सॉफ्टवेयरक माध्यम सँ कर्मी सभक पैघ स्तर पर स्थानांतरण आ पदस्थापनक प्रक्रिया पूरा कएल गेल।

———————————————————————————

समाप्त भेल